# Nekkoon naa ak Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu dem ba egg ci sënu aw nit daal di tuur ndox fekk ma nga taxaw,

Jële nañu ci Husayfata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Nekkoon naa ak Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu dem ba egg ci sënu aw nit daal di tuur ndox fekk ma nga taxaw, ma randu mu ne ma: "jegesil" ma jegesi ba nekk ci ginnaawam, mu daal di jàpp daal di masaa ay saŋam.

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Husayfata ibnul Yamaan -yal na leen Yàlla dollee gërëm- day xibaare ne moom dafa àndoon ak Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-, Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- bëgg a tuur ndox, daal di dem ci sënu aw nit; mooy barab bu ñuy sànni ay mbalit ak suuf si ñu balee ci kër yi, mu tuur ndox fekk ma nga taxaw, te li ëpp ci aadaam mooy buy tuur ndox day toog. Husayfata daal di randu, Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne ko: jegesil, Husayfata jegesi ba taxaw ci ginnaawam ci ginnaaw ay tànkam; ngir nekk kiiraayam ba duñu ko xool ci anam googu. Topp Yonnente bi daal di jàppu, ba mu tollee ci raxas tànk yi, mu yam ci masaa ci kaw saŋ yi -mooy yi ñuy sol ci tànk ci der wu woyof mbaa lu ko niru te muy muur dojor yi- te summiwu leen.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee